

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan, désain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur/ alur panalungtikan, jeung data jeung sumber data panalungtikan.

3.1 Métode Panalungtikan

Lumangsungna hiji panalungtikan tangtu kudu ayana métode panalungtikan, sangkan leuwih sistematis tur masalah-masalah anu aya bisa kajawab dina éta pasualan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) métode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan.


Dina panalungtikan kudu ngagunakeun pamarekan jeung métode. Pamarekan dina ieu panalungtikan anu objékna naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea nyaéta pamarekan kualitatif, tuluy ngagunakeun métode déskriptif analisis jeung téhnik kajian pustaka. Nurutkeun Emzir (2016, kc 3) panalungtikan kualitatif téh mangrupa déskriptif, data anu dikumpulkeun dina wangun tulisan atawa gambar, lain dina wangun angka. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 22) pamarekan kualitatif nyaéta pidangan nu mangrupa kekecapan atawa tulisan anu ditalungtik ku panalungtik, tur ditembongkeun sacara akurat jeung lengkep pikeun meunangkeun ma’na anu aya dina objék panalungtikan. Patali jeung éta, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Nurutkeun Ratna (2013, kc. 52) métode déskriptif upama digunakeun miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajéntrékeun kajadian dina waktu anu keur lumangsung.

Satuluyna ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis. Nurutkeun Ratna (2013, kc 52) métode déskriptif analisis nyaéta ngadéskripsikeun fakta-fakta anu aya dina caritaan, nu miboga tujuan pikeun meunangkeun unsur-unsur data, tuluyna éta data dianalisis. Cindekna mah, saacan kana tahap analisis, panalungtik kudu ngadéskripsikeun fakta-fakta anu aya dina objék panalungtikan nu rék dianalisis. Jadi, métode déskriptif analisis téh nyaéta métode anu digunakeun pikeun meunangkeun masalah-masalah anu sipatna faktual sarta bakal dianalisis. Dina ieu panalungtikan métode déskriptif analisis miboga tujuan pikeun

ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita jeung psikologi sastra anu nyangkaruk dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea.

3.2 Désain Panalungtikan

Dina ngalumangsungkeun panalungtikan, panalungtik tangtu nataharkeun kabutuhan dina prosés panalungtikan. Ieu téh minangka rarancang kagiatan nu rék dilaksanakeun ku panalungtik. Désain panalungtikan nu dilaksanakeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 *Désain Panalungtikan*

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina prosés panalungtikan hal anu kawilang penting, sabab ieu hal pikeun meunangkeun data. Dina ngumpulkeun data bakal katitén kualitas tina hasil panalungtikan jeung eusi panalungtikan. Ku kituna, dina prosés ngumpulkeun data téh kudu dilakukeun sacara gemet.

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka atawa kajian pustaka (*library search*). Ieu téhnik dipaké dina ngumpulkeun data jeung nganalisis data, sarta néangan tiori-tori anu bisa ngawewegan kana ieu panalungtikan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) téhnik ngolah data nyaéta prosés anu ngagunakeun rumus atawa aturan nu saluyu jeung pamarekan panalungtikan atawa désain panalungtikan. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis. Hal anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra; psikologina nu ngagunakeun tiori Sigmund Freud anu ngabagi jadi tilu struktur kapribadian, nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*; jeung papasingan émosi dasar anu aya dina caritaan naskah drama “Odeu” nu ngawengku kabungah, kaambek, kasieun, jeung kasedih.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2013, kc 265) nétélakeun instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu dipilih ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan sistematis jeung gampang. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data. Ieu hal miboga tujuan sangkan dina ngumpulkeun datana bisa dipikaharti jeung akurat. Instrumén kartu data digunakeun dina nganalisis struktur jeung psikologi anu aya dina naskah drama “Odeu”, anu kabagi jadi dua: 1) instrumén ngumpulkeun data; jeung 2) instrumén ngolah data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Ieu di handap mangrupa tabél pikeun cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita.

Tabél 3.1
Struktur Carita (Téma)

No	Téma	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.2
Fakta Carita (Galur)

No	Galur	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.3
Fakta Carita (Tokoh)

No	Tokoh	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.4
Fakta Carita (Latar)

No	Latar (Tempat, Waktu, Sosial)	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.5
Sarana Sastra (Gaya Basa)

No	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.6
Data Cutatan Psikoanalisis

No	Psikoanalisis	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.7
Data Cutatan Papasinga Émosi

No	Papasingan Émosi	Cutatan	Kode Data

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén anu digunakeun dina ngolah data nyaéta ngagunakeun kartu data. Ieu di handap mangrupa kartu anu nuduhkeun cutatan-cutatan dina ieu panalungtikan.

1) Kartu Data Analisis Struktur

Gambar 3.1
Kartu Data Téma

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Téma)

Gambar 3.2
Kartu Data Fakta Carita (Galur, Tokoh, Latar)

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Fakta Carita: Galur, Tokoh, Latar)

Gambar 3.3

Kartu Data Sarana Carita (Judul, Puseur Panitén, Gaya Basa)

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Sarana Carita: Judul, Puseur Panitén, Gaya Basa)

2) Kartu Data Analisis Psikologi Sastra

Gambar 3.4

Kartu Data Psikoanalisis

Kartu Data Analisis *Id*

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (<i>Id</i>)

Gambar 3.5

Kartu Data Analisis *Ego*

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (<i>Ego</i>)

Gambar 3.6

Kartu Data Analisis *Superego*

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (<i>Superego</i>)

Gambar 3.7
Kartu Data Papasingan Émosi
Kartu Data Analisis Kabungah

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Kabungah)

Gambar 3.8
Kartu Data Analisis Kaambek

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Kaambek)

Gambar 3.9
Kartu Data Analisis Kasieun

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Kasieun)

Gambar 3.10
Kartu Data Analisis Kasedih

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Kasedih)

3.5 Prosedur/ Alur Panalungtikan

Ieu di handap léngkah-léngkah anu dilakonan ku panalungtik dina ieu panalungtikan:

- 1) Maca naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea
- 2) Nganalisis unsur-unsur struktur carita drama
- 3) Nganalisis unsur-unsur struktur naskah drama
- 4) Nganalisis psikoanalisis tokoh utama dina naskah drama
- 5) Nganalisis papasingan émosi tokoh utama dina naskah drama.

3.6 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu rélevan, aya hal-hal anu perlu di paluruh nyaéta data jeung sumber data panalungtikan.

3.6.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea. Anapon data ieu panalungtikan nyaéta struktur carita, struktur naskah drama, psikoanalisis, jeung papasingan émosi anu nyangkaruk dina naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea.

3.6.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.172) sumber data nyaéta subjék pikeun meunangkeun data anu aya, ilaharna aya tilu rupa, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung dokumen (*paper*). Dumasar kana wangenan di luhur, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa data dokumen (*paper*) sarta sagala référénsi, boh buku, jurnal, éséy, jeung sajabana anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Sumber data anu utama dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea.